

## GID POU PARAN YO POU LANG AK LITERATI ANGLÈ KLAS 6YÈM ANE

### Preparasyon Timoun Florida Pou yo Gen Yon Bèl Avni



Tout timoun Florida merite diplome nan lekòl segondè avèk konesans ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè yo chwazi ak nan lavi yo. Nan anpil ane ki sot pase yo, Florida te fè gwo pwogrè akademik. Men, nou konnen mache travay jodi a egzije elèv diplome nou yo pou yo gen pi bon panse kritik, pi bon ladrès pou yo rezoud pwoblèm ak pi bon ladrès pou yo kominike pase anvan. Prensip siperyè ki ankouraje ak motive elèv nou yo enpòtan.

Pou satisfè bezwen sa a, dirijan edikasyon nan eta Florida te amelyore prensip pou matyè akademik nou yo, pou yo kreye nouvo egzijans pou sa elèv yo bezwen konnen ak kapab fè. Prensip Florida yo la pou asire TOUT elèv yo reyalize pi gwo potansyèl yo—kèlkeswa sa chemen an ka ye.

Preparasyon pitit ou pou li reyisi kòmanse nan klas matènèl epi li kontinye pandan pitit ou ap vanse nan chak klas. Gid sa a ap sipòte paran ak fanmi ki gen timoun ki nan **klas sisyèm ane**. Pou fè sa, gid la ap ede ou:

- **Aprann** Prensip Florida yo ak rezon ki fè yo enpòtan pou pitit ou.
- **Pale** avèk pwofesè pitit ou sou sa pitit ou ap aprann nan salklas la.
- **Sipòte** aprantisaj pitit ou nan fason pratik lakay ou.

### APRANN PRENSIP YO

Elèv Florida yo ap kontinye pratike anpil menm bagay yo te aprann nan klas sisyèm ane—ansanm avèk kèk ladrès siplémentè enpòtan. Elèv **klas sisyèm ane** yo ap aprann kalite lesон sa yo:

- Dekri kijan entrig yon istwa devwale nan yon seri epizòd ak fason pèsonaj yo reponn oswa chanje pandan entrig la ap vanse nan rezolisyon an.
- Site prèv avèk tèks pou sipòte analize sa tèks la di yon fason fòmèl ak konklizyon ki fèt nan tèks la.
- Ekri rezònman pou sipòte reklamasyon yo avèk rezon aklè ak prèv enpòtan.



Chak timoun devlope nan ritm pa li. Aktivite ki nan gid sa a se gid ki rekòmande pou laj espesyal pou lespri jèn timoun k ap grandi.



- Itilize teknoloji, tankou entènèt, pou pwodui epi bibliye redaksyon epi pou kominike ak kolabore avèk lòt yo.



Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè pou Klas 6yèm Ane sou sitwèb [www.flstandards.org](http://www.flstandards.org)

#FLStandards  
Antre nan konvèrsasyon an



Kreyasyon: Depatman Edikasyon Florida (Florida Department of Education)

## PALE AVÈK PWOFESÈ PITIT OU



Kounye a pitit ou rive nan lekòl pre-segondè, li ta dwe pran plis responsabilite pou aprantisaj li. Elèv ou ka alatèt rankont paran/pwofesè. Gade rankont sa yo pou konsantre sou egzanz travay elèv la. Ansanm avèk pitit ou, pale sou fason travay sa a gen siksè ak sou fason posib elèv ou kapab kontinye aprann ak grandi kòm yon lektè ak yon komunikatè efikas.

## SIPÒTE APRANTISAJ LA LAKAY OU

Ou kapab ankouraje pitit ou aprann lang ak literati anglè lakay ou nan fason ki amizan pou ou ak pitit ou. Eseye lide sa yo apre lekòl, nan jou wikkenn epi pandan vakans lete.



Itilize sous sou entènèt pou devlopman vokabilè sou sitwèb [www.readwritethink.org](http://www.readwritethink.org)



Jwenn materyèl lekti, èd pou devwa lakay ak okazyon pou pibliye redaksyon elèv ou nan The Internet Public Library sou sitwèb [www.ipl.org/div/teen](http://www.ipl.org/div/teen).



Fè pitit ou li pou manm fanmi an ak vwazen yo.



Konpoze yon bilten fanmi an chak mwa.



Ale souvan nan bibliyotèk publik lokal ou. Kite li wè w ap chwazi liv, kite li wè w ap prete liv epi kite li wè ou renmen liv.



Ankouraje pitit ou pou li òganize yon klib liv oswa pou li antre nan youn avèk zanmi ki gen enterè sanblab nan lekti. Proporcione a su hijo dispositivos digitales de lectura y redacción.



Bay pitit ou aparèy dijital pou lekti ak redaksyon.



Fè pitit ou fè chwa yo nan chèche kote pou ale nan restoran, lide pou fèt anivèsè nesans oswa chwa vakans fanmi an sou entènèt.

Pale avèk pwofesè pitit oswa avèk direktè lekòl li pou ou aprann pi gwo lide pou sipòte aprantisaj li lakay ou.

**Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè ak lòt resous pou paran yo sou sitwèb [www.flstandards.org](http://www.flstandards.org)**

Ou gen kesyon? Kontakte [JustforParents@fldoe.org](mailto:JustforParents@fldoe.org)

**FLORIDA STANDARDS**  
COLLEGE & CAREER READY

**Florida PTA**  
everychild.onevoice.<sup>®</sup>  
[www.floridapta.org](http://www.floridapta.org)